

Endikatè Rezilta Apre-Lekòl Segondè

Soti nan lavi lekòl pou antre nan lavi adilt, sa mande kolaborasyon ak planifikasyon anpil aktè ki konsène. Elèv yo, fanmi yo, pwofesè yo, lekòl yo, distri lekòl yo ak ajans kominotè yo ap travay ansam pou ede elèv yo reyisi. Pou ede elèv yo prepare pou lavi k ap tann yo apre lekòl segondè a, chèchè yo te idantifye endikatè ki montre fason pou yo sipòte rezilta apre lekòl segondè pou elèv yo, ki gen ladan domèn edikasyon/fòmasyon apre lekòl segondè, travay ak viv endepandan.

Pou yon elèv ki gen yon plan edikasyon pèsonalize (individual educational plan, IEP), lejislasyon Florida a mande pou planifikasyon an kòmanse anvan elèv la genyen 12 lane epi lejislasyon an defini

tranzisyon an kòm "yon seri aktivite ki kowòdone" ki fèt pou ankouraje mouvman soti nan lavi elèv la pou antre nan lavi adilt la. Apati 14 lane, chak reyinyon IEP ta dwe gen ladann diskisyon ak idantifikasiyon objektif apre lekòl segondè ki gen rapò ak edikasyon, travay epi yo ka gen ladan konpetans pou viv endepandan. Pandan w ap fè chwa ki gen rapò ak avni elèv ou a ak tranzisyon soti nan lavi lekòl pou antre nan lavi adilt, konsidere epi diskite sou fason pou w itilize endikatè sa yo pou sipòte elèv ou a pandan tout vwayaj la (pasaj la).

Endikatè #1 Oryantasyon Pwofesyonèl

Oryantasyon Pwofesyonèl se aprann opotinite, edikasyon ak konpetans ki nesesè pou chwazi yon karyè ki annamoni avèk pwen fò epi enterè yon moun.

Lide pou Fanmi yo

- + Diskite sou konpetans ak kalifikasyon ki nesesè pou karyè ou wè ki enterese elèv ou a.
- + Diskite sou koneksyon ant konpetans akademik elèv ou ap aprann yo ak karyè ki mande konpetans sa yo.

Endikatè #2: Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik

Edikasyon Pwofesyonèl fòme avèk kou ki prepare elèv yo pou yon travay oswa yon karyè espesifik. Lide pou Fanmi yo

- + Poze kesyon sou pwogram ak opòtinite pou jwenn sètifica nan sèten domèn karyè (pa egzanp, Asistan Enfimyè Sètifye, Soude, Sètifikasiyon Pou Moun K ap Prepare Manje).
- + Pale ak elèv ou a sou edikasyon/fòmasyon apre lekòl segondè ak/oswa chwa travay; sonje vizite lekòl fòmasyon pwofesyonèl ak teknik ki nan lokalite ou a.
- + Aprann sou sèvis sipò tankou Reyabilitasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation, VR) ak sèvis pou moun ki gen andikap.

Endikatè #3: Eksperryans Kominotè

Eksperryans Kominotè se aktivite ki fèt andeyò lekòl la, ki sipòte avèk ansèyman nan klas la, kote elèv yo aplike konpòtman ak konpetans travay akademik, sosyal ak/oswa jeneral.

Lide pou Fanmi yo

- + Konsidere enstriksyon elèv ou a ka bezwen pou pran yon otobis, yon taksi oswa yon deplasman an gwoup ak fason li pral vwayaje nan tout kominote a poukont li.

Endikatè #4: Kou Etid (Pwogram Etid)

Pwogram Etid (Course of Study, CoS) se yon seri kou, eksperryans ak pwogram akademik endividyalize ki fèt pou devlope siksè akademik ak fonksyonèl yon elèv pou sipòte reyalizasyon objektif elèv la dezire apre lekòl segondè li.

Lide pou Fanmi yo

- + Asire ou CoS kreye yon chemen pou elèv ou a rive atenn objektif li apre lekòl segondè a.
- + Verifye tout chwa yo ofri nan Florida pou elèv ou a ka jwenn yon diplòm nòmal.

Endikatè #5: Egzijans pou Egzamen Final/Kondisyon Diplòm Lekòl Segondè

Egzamen Final yo se tès ofisyèl leta a ki evalye nivo konpetans yon elèv nan matyè debaz yo, tankou Aljèb oswa Anglè elèv yo dwe pase pou yo kapab resevwa yon diplòm lekòl segondè. Kondisyon diplòm nan rive reyalize lè elèv yo reponn ak tout egzijans eta k ap bay diplòm nan fè konsènan resevwa yon diplòm, tankou patisipasyon nan kou ki nesesè pou fè chemen elèv la chwazi pou li diplome, tankou deziyasyon 24 kredi, deziyasyon 18 kredi ak deziyasyon sou merit oswa deziyasyon eskolè.

Lide pou Fanmi yo

- + Identife konpetans etid ak estrateji pou fè tès elèv ou a kapab bezwen devlope ak praktike.

Endikatè #6: Fikse Objektif

Elèv ki patisipe nan fikse objektif yo gen plis chans pou yo angaje yo nan edikasyon, travay epi viv endependan apre lekòl segondè.

Lide pou Fanmi yo

- + Sonje pou praktike zafè fikse objektif la etan lakay ou, annik idantife yon objektif; fè yon plan oswa divize objektif la an plizyè etap ki nesesè pou atenn objektif la; suiv plan an epi atenn objektif la. Kòmanse ak yon sèl objektif epi ogmante li tikal pa tikal jiska ou rive nan objektif ki ka pran plis tan ak detèminasyon pou reyalize li.

Endikatè #7: Enklizyon nan Edikasyon Jeneral

Enklizyon nan edikasyon jeneral egzije pou elèv ki gen andikap yo gen aksè a pwogram akademik edikasyon jeneral la epi patisipe nan klas edikasyon jeneral avèk kamarad klas ki pa gen andikap yo.

Lide pou Fanmi yo

- + Mande si nenpòt estrateji, tankou ansèyman diferansye, estrateji aprantisaj, konpetans etid, konpetans pou organize, konpetans jesyon pèsonèl ak Konsepsyon Inivèsèl pou Aprantisaj (Universal Design for Learning, UDL) y ap itilize nan kou edikasyon jeneral elèv ou a.
- + Eksplore tout opòtinite pou elèv ou a kapab edike nan anviwònman ki enklizif (ki mete tout kalite elèv ansanm).

Endikatè #8: Kolaborasyon Ant-Ajans

Kolaborasyon ant-ajans se yon pwoesis ki klè, ki gen objektif, ki fèt avèk anpil atansyon epi ki ankouraje kolaborasyon ant ajans yo ak pwogram yo pou sipòte rezulta pou jèn yo.

Lide pou Fanmi yo

- + Poze kesyon sou ajans ki kapab bay plis sipò pou elèv ou a, tankou Reyabilitasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation), CareerSource, Ajans pou Moun Ki Gen Andikap yo (Agency for Persons with Disabilities, APD), Divizyon Sèvis pou Moun Avèg (Division of Blind Services, DBS), Rezo Fanmi sou Andikap (Family Network on Disabilities, FND), Sant pou Viv Endependan (Centers for Independent Living, CIL) ak Konsèy Kowòdinasyon pou Moun ki Soud ak Moun ki Tande Di nan Florida (Florida Coordinating Council for the Deaf and Hard of Hearing, FCCDH).

Endikatè #9: Kou Pwofesyonèl

Kou pwofesyonèl se kou endividiyèl ki sipòte oryantasyon pwofesyonèl, ki pèmèt elèv yo chèche konnen differan chemen karyè (pakou pwofesyonèl) epi vin gen konpetans pou djòb atravè eksperyans ak ansèyman ki konsantre sou objektif yo chwazi pou jwenn travay.

Lide pou Fanmi yo

- + Poze kesyon sou kou pwofesyonèl yo ofri elèv ou a.
- + Ede elèv ou a detèmine kou pwofesyonèl ki enterese li.

Endikatè #10: Travay Ki Peye/Eksperyans Travay

Eksperyans travay se aktivite ki mete elèv yo nan yon vrè espas travay epi ki ka gen ladan: echantyonaj travay, obsèvasyon pwofesyonèl, estaj, aprantisaj ak travay ki peye. Travay ki peye a kapab gen ladan djòb nòmal ki la deja nan yon konpayi/òganizasyon oswa afektasyon nan travay adapte ki negosye avèk patwon an, men aktivite sa yo toujou prezante salè konpetitif (salè minimòm oswa yon pi gwo salè) patwon an peye dirèkteman ba elèv la.

Lide pou Fanmi yo

- + Poze kesyon sou opòtinite pou elèv ou a patisipe nan obsèvasyon pwofesyonèl, etid travay, aprantisaj oswa estaj.
- + Apati laj 14 lane jiska 21 lane, konekte ak Reyabilitasyon Pwofesyonèl (VR) la pou sèvis tranzisyon anvan-travay (Pre-Employment Transition Services, Pre-ETS) ki gen ladan fòmasyon preparasyon pou travay, eksperyans aprantisaj ki baze sou travay ak plis ankò



Endikatè #11: Atant Paran yo

Gen yon relasyon pozitif ant paran yo ki fè gwo egzijans pou elèv yo ak rezulta pozitif yo apre lekòl. Elèv ki gen andikap yo, ki gen paran yo ki egzije yo pou jwenn yon djòb, pou ale nan kolèj epi/oswa pou yo kapab sipòtè tèt yo gen plis chans pou yo jwenn travay epi pou yo jwenn edikasyon amplis.

Lide pou Fanmi yo

- + Kwè elèv ou a gen kapasite pou li reyalize epi reyisi.
- + Defann opòtinite ak sèvis elèv ou a bezwen pou li ka patisipe nan lavi a epi reyalize pi bon rezulta li.



Endikatè #12: Patisipasyon Paran/Fanmi

Patisipasyon Paran vle di paran yo/fanmi yo/respondab legal yo se patisipan aktif nan tout aspè planifikasyon tranzisyon an, y ap sipòtè epi defann elèv yo.

Lide pou Fanmi yo

- + Mande enfòmasyon sou pwoesis tranzisyon an.
- + Jwenn rezo sipò ki gen lòt paran ak gwoup defans yo.
- + Mande plizyè opsyon pou patisipasyon ak lòt fason pou bay opinyon nan pwoesis planifikasyon tranzisyon an, tankou opinyon planifikasyon pre-IEP ak lè reyinyon IEP ki fleksib. Asire ou pataje epi diskite sou pwen fò elèv ou a ak domèn ki bay enkyetid yo pandan IEP a.
- + Fasilite yon relasyon amikal ak lekòl la lè ou annik kominike pa imèl epi lè ou souvan patisipe nan reyinyon IEP yo. Patisipe nan lòt reyinyon pwograme yo epi patisipe nan aktivite lekòl yo, tankou nan fwa sou karyè ak jounen pòt ouvè yo.
- + Mande enfòmasyon sou sèvis ak sipò pou adilt nan kominote a pou ede nan planifikasyon apre lekòl tankou Reyabilitasyon Pwofesyonèl, resous sante mantal, chwa edikasyon apre lekòl segondè ak lòt sipò.
- + Pataje ak pèsonèl lekòl la valè kiltirèl ki enpòtan pou fanmi ou.
- + Chèche konnen si distri lekòl ou a gen yon konsèy tranzisyon ant ajans epi mande si ou ka patisipe.
- + Mande ki fason ou ka ede elèv ou a reyalize objektif li vle atenn apre lekòl.
- + Asire ou konprann rezulta evalyasyon tranzisyon an pou ou kapab sèvi ak enfòmasyon an pou bay fòmasyon epi jwenn sipò natirèl pou elèv ou a etan lakay ou epi nan kominote a.



Endikatè #13: Otonomi Sikolojik

Otonòm sikolojik se yon eleman nan oto-detèminasyon ki reprezante kwayans ki fè konnen gen yon koneksyon enpòtan ant konpòtman yon moun ak rezulta yo.

Lide pou Fanmi yo

- + Demontre konfyans ou nan relasyon ki genyen ant aksyon ou yo ak rezulta aksyon ou yo (pa egzanp, lè ou retire yon lajan pou aktivite fanmi an, tout moun kontan ale nan sinema; lè ou fè yon kalandriye pou ranpli travay chak semèn ou yo epi suiv li, travay ou yo rive fini).
- + Ede elèv ou a wè relasyon ki genyen ant aksyon li yo ak rezulta yo. Ede elèv ou a konprann si yon moun pa renmen rezulta yo, enben moun nan dwe chanje aksyon yo. Sa konsène tout moun.

Endikatè #14: Swen Pèsonèl/Viv Endepandan

Konpetans pou swen pèsonèl/pou viv endepandan se konpetans ki nesesè pou kontwole bezwen pèsonèl chak jou yon moun. Konpetans pou swen pèsonèl ak konpetans pou viv endepandan gen ladan konpetans pou satisfè pwòp bezwen pèsonèl ou, pou pran kontak avèk lòt moun, pou kontwole lajan ak lòt zafè finansye, tankou peye bòdwo, epi konpetans pou viv endepandan.

Lide pou Fanmi yo

- + Jwenn fason pou ede elèv ou a devlope epi grandi nan konpetans pou viv endepandan yo:
- (1) planifikasyon finansye, (2) ede pwòp tèt ou, (3) fè manje, (4) fè travay nan kay, (5) antretyen kay, (6) itilize transpò, (7) swen rad, (8) jwenn aksè a sèvis kominotè yo, (9)) jesyon tan/òganizasyonèl, (10) oto-detèminasyon, (11) wòl sosyal/sitwayènte, (12) relasyon kominote/kanmarad, ak (13) panse kritik ak rezoud pwoblèm.

Endikatè #15: Oto-Detèminasyon/Oto-Defans

Oto-Detèminasyon se kapasite ou genyen pou fè chwa, pou rezoud pwoblèm, pou fikse objektif, pou evalye chwa yo, pou pran kèk mezi pou kapab reyalize objektif ou yo epi aksepte konsekans mezi sa yo.

Lide pou Fanmi yo

- + Mande yon pwosesis IEP ki santre sou elèv la pou pèmèt elèv ou a montre konsyans pèsonèl, fikse objektif, rezoud pwoblèm ak oto-defans.
- + Kominike ak pwofesè yo pou asire elèv ou a gen opòtinite pratike konpetans fè chwa yo.
- + Asire elèv ou a gen yon fason pou kominike pou l ka angaje l nan fè chwa, rezoud pwoblèm, fikse objektif epi aksepte responsabilite aksyon li yo. Mande èd si li bezwen yon teknoloji asistans (Assistive Technology, AT) pou ede li kominike.
- + Mande pou l itilize evalyasyon tranzisyon ki apwopriye pou laj li, pou elèv ou a ka aprann konnen tèt li.
- + Ede elèv ou a devlope konsyans pèsonèl lè ou annik fè yon seri diskisyon onèt epi avèk respè konsènan rezulta evalyasyon tranzisyon an.
- + Mande ansèyman dirèk sou oto-detèminasyon pou elèv ou a.
- + Sipòte developman konpetans lidèchip elèv ou a.
- + Atann epi sipòte elèv ou a pral fè anpil chwa woutin pou tèt li pandan tout jounen an.
- + Travay an kolaborasyon ak pèsonèl lekòl la epi elèv ou a pou ede elèv ou a reyalize objektif li chwazi yo.
- + Asire ou elèv ou a konprann opsyon ki disponib yo ak konsekans chwa li yo ka genyen.

Endikatè #16: Reyalizasyon Pèsonèl

Reyalizasyon pèsonèl gen rapò ak eleman oto-detèminasyon, konsans pèsonèl/konesans pèsonèl, epi li espesyalman vle di konprann pwen fò ak bezwen sipò yon moun.

Lide pou Fanmi yo

- + Ede elèv ou a konnen tout moun gen pwen fò epi yo bezwen sipò tou. Montre li ou konnen pwen fò ou yo epi domèn ou bezwen sipò yo.
- + Jwenn fason pou elèv ou a sèvi ak pwen fò li yo pi souvan.
- + Ede elèv ou a resevwa epi sèvi ak sipò yo byen alèz.

Endikatè #17: Konpetans Sosyal

Konpetans sosyal se konpòtman ak atitud ki ede sipòte devlopman relasyon pozitif avèk lòt moun nan komunikasyon ak kolaborasyon. Konpetans sosyal gen ladan rezolisyon pwoblèm lè ou angaje nan kontak sosyal, langaj kòporèl, konpetans pou pale, konpetans pou koute epi konpetans pou reponn nan komunikasyon aloral, nan komunikasyon alekri ak nan lòt fòm komunikasyon.

Lide pou Fanmi yo

- + Bay elèv ou a opòtinite pou li pratike komunikasyon nan plizyè anviwònman ak sitiyasyon ki gen ladan konvèsasyon endividye'l ak konvèsasyon an gwoup, negosyasyon ak rezoud konfli.
- + Ede elèv ou a sèvi ak konpetans pou rezoud pwoblèm lè sitiyasyon difisil yo rive.

Endikatè #18: Sipò pou Elèv

Sipò pou elèv se rezo moun, tankou fanmi, zanmi, pwofesè ak founisè sèvis pou granmoun, ki bay sèvis ak resous nan anpil anviwònman pou ede elèv yo soti nan lavi elèv la pou antre nan lavi adilt la. Rezo moun ki bay elèv yo sipò a ta dwe toujou sonje objektif elèv yo apre lekòl segondè epi yo ta dwe konnen pwen fò, preferans, enterè ak bezwen elèv yo.

Lide pou Fanmi yo

+ Asire ou elèv yo gen aksè a bonjan enstriksyon.

+ Mande ki moun ki ka ede elèv yo ak bagay sa yo:

- Jwenn aksè a resous teknoloji asistans (AT) ak fòmasyon sou fason pou itilize teknoloji a pou amelyore konpetans akademik yo (lekti, ekriti, matematik) epi konpetan fonksyonèl (konpetans pou fè mouvman, konpòtman, komunikasyon ak konpetans etid, elatriye)
- Jwenn sipò pou ede ak transpò, sèvis pou adilt, jwenn aksè a sistèm swen sante a ak planifikasyon finansye.
- Jwenn yon konseye lekòl oswa yon konseye kominotè.
- Bay fason pou elèv la patisipe nan kominote a, tankou klib, gwoup defansè, espò, elatriye.

Endikatè #19: Konpetans Teknolojik

Endikatè a, konpetans teknolojik yo, vle di konpetans enfòmatik epi konpetans nan enfòmatik ki lye ak rezulta pozitif konsènan travay apre lekòl segondè. Teknoloji enfòmatik ak teknoloji asistans pa sèlman sipòte elèv yo pou yo jwenn travay apre lekòl segondè, men yo ede elèv yo prepare yo pou travay apre lekòl segondè tou.

Lide pou Fanmi yo

- + Antrene elèv ou a lè ou annik vin abitye ak teknoloji elèv ou a ap itilize nan lekòl la.
- + Priyorite aprantisaj teknoloji ki nesesè pou komunikasyon ak lòt teknoloji asistans yo.
- + Identife konpetans teknolojik ki kapab ede elèv ou a travay poukont li.

Endikatè #20: Pwogram Tranzisyon

Yon pwogram tranzisyon prepare elèv yo pou yo kite lavi lekòl pou antre nan lavi granmoun avèk planifikasyon tranzisyon ak edikasyon pou kreye yon plan pou ede elèv yo reyalize objektif yo apre lekòl segondè nan edikasyon/fòmasyon, travay ak lavi endepandan, jan li nesesè.

Lide pou Fanmi yo

+ Obsève fason yo bay elèv ou a sèvis edikasyon ak tranzisyon nan lekòl la ak nan kominate a. Defann elèv ou a lè sa nesesè.

+ Selon bezwen elèv ou a, mande enstriksyon nan domèn viv endepandan an.

+ Chèche konnen rekòmandasyon sa yo pou ka bay lekòl yo pou edike elèv ki gen andikap yo epi ki gen 14 lane jiska 21 lane:

- Bay pwogram pedagojik endividyalize ki santré sou tranzisyon ak ansèyman ki baze sou objektif apre lekòl segondè elèv yo nan edikasyon/fòmasyon apre lekòl segondè, travay ak viv endepandan.
- Bay ansèyman ak fòmasyon nan anviwònman natirèl enstriksyon nan salklas la sipòte.
- Bay sèvis tranzisyon endividyalize ki sipòte akonplisman objektif apre lekòl segondè elèv yo nan edikasyon/fòmasyon apre lekòl segondè, travay ak viv endepandan.
- Bay opòtinite pou angajman ak kamarad ki pa gen andikap nan lekòl la ak nan kominate a.
- Sèvi ak kolaborasyon ant ajans yo ki byen defini wòl ak responsablite pou bay sèvis tranzisyon ki kowòdone atravè plizyè aktè ki konsène nan tout nivo, yo se elèv yo, lekòl yo, distri yo, rejon yo ak nan nivo eta a pou ede elèv yo atenn objektif apre lekòl segondè yo.
- Siveye ak evalye pwogrè elèv yo nan domèn akademik, nan lavi chak jou, nan domèn pèsonèl ak sosyal, epi domèn pwofesyonèl. Sèvi ak plizyè evalyasyon nan plizyè domèn nan diferan moman pou detèmine pwogrè elèv la epi ede ekip IEP yo avèk planifikasyon apre lekòl segondè a.
- Bay fanmi yo fòmasyon ak resous pou yo ka enplike yo nan planifikasyon tranzisyon an epi konekte yo ak ajans adilt yo epi rezo enfòmasyon ki kapab ede elèv la ak fanmi li..
- Fè evalyasyon pwogram pou ka evalye efikasite pwogram tranzisyon an.

Endikatè #21: Konpetans pou Vwayaj

Elèv ki gen andikap ki te kapab vwayaje poukout yo deyò lakay yo, tankou pou yo ale lekòl, nan yon magazen lokal oswa nan kay yon vwazen, gen plis chans pou yo jwenn travay apre lekòl.

Lide pou Fanmi yo

+ Sonje anseye elèv ou a pou li itilize transpò publik. Mande si lekòl la oswa yon founisè sèvis lokal ofri fòmasyon sou vwayaj.

Endikatè #22: Etid Travay

Yon pwogram etid travay bay elèv yo opòtinite pou yo aprann atravè eksperyans ki la pou devlope konpetans, atitud ak konpòtman elèv yo ki gen rapò avèk travay. Pwogram etid travay yo bay edikasyon akademik ak pwofesyonèl.

Lide pou Fanmi yo

+ Poze kesyon sou chwa pou eksperyans travay ki peye ak sa ki pa peye etan nan espas inivèsite a epi deyò li avèk chwa pou jwenn kredi pou lekòl segondè pou ka ranpli kondisyon pwogram yo.

Endikatè #23: Otonomi Jèn Moun/Pran Desizyon

Elèv ki montre plis endependans ak konpetans pou yo pran desizyon, tankou fè plan pou aktivite wiken, plan pou sèvi kòm volontè, plan pou pran desizyon ak plan pou viv endependan pou anpil tan, elèv sa yo gen plis chans pou yo antre nan edikasyon apre lekòl.

Lide pou Fanmi yo

- + Bay elèv ou opòtinite pou li pran pwòp desizyon li.
- + Mete opinyon elèv ou a nan desizyon fanmi an ap pran, chak fwa sa posib.
- + Asire ou atitud ou genyen an demontre ou respekte endependans elèv ou a genyen k ap grandi a.

Resous

Depatman Edikasyon Florida (Florida Department of Education), Biwo Edikasyon Eksepsyonèl ak Sèvis Elèv (Bureau of Exceptional Education and Student Services, BEESS): Tranzisyon Lekòl Segondè
<http://www.fl DOE.org/academics/exceptional-student-edu/secondary-transition.shtml>

Rezo Fanmi sou Andikap (Family Network on Disabilities) <https://fnndusa.org/>

Sou Wout Pou Mwen Ale nan Kolèj: Yon Gid pou Elèv ki Gen Andikap yo
<http://www.ncwd-youth.info/wp-content/uploads/2016/11/Making-My-Way-through-College-FINAL.pdf>

Kat Pakou Tranzisyon Lekòl Pre-Segondè pou Fanmi yo
<http://project10.info/DPage.php?ID=77#NS138>

Sant PACER: Chanpyon pou Timoun Ki Gen Andikap yo
<https://www.pacer.org/>

Pwojè 10: Sit Entènèt Rezo Edikasyon Tranzisyon an
<http://project10.info/>

Pwojè 10: Sit Entènèt Rezo Edikasyon Tranzisyon an: Patisipasyon Fanmi
<http://project10.info/DPage.php?ID=322>

Plan Tranzisyon nan Lekòl Segondè pou Fanmi yo
<http://project10.info/DPage.php?ID=77#NS138>

Reyabilitasyon Pwofesyonèl: Jèn Moun Ki An Tranzisyon <http://www.rehabworks.org/stw.shtml>

Sèvi ak resous sa yo pou ede elèv ou a soti nan lavi lekòl la pou antre nan lavi adilt la epi pou li atenn
objektif apre lekòl li yo.

Dokiman sa a baze sou "Oto-Evalyasyon Lekòl la/Distri a pou Reyalizasyon Endikatè a" (Predictor Implementation School/District Self-Assessment), se Sant Nasyonal pou Rezulta Apre-Lekòl Segondè ak Sant Asistans Teknik Nasyonal pou Tranzisyon Lekòl Segondè (National Post-School Outcomes Center and the National Secondary Transition Technical Assistance Center, NSSTAC) ki devlope li nan ane 2013. Sant Asistans Teknik Nasyonal pou Tranzisyon an (National Technical Assistance Center on Transition, NTACT) fè mizajou dokiman an nan ane 2015, li disponib nan - <https://www.transitionta.org/postschool>.

"Endikatè Tranzisyon Lekòl Segondè pou Reyosit Apre Lekòl Segondè: Yon Mizajou nan Baz Rechèch la" dènyeman dekri twa (3)

endikatè yo idantifye yo. <https://journals.sagepub.com/doi/full/10.1177/2165143420959793>

Endikatè ak Rezulta Yo Prewwa

Endikatè yo se yon seri pratik, selon rechèch yo, ki montre yo konekte ak rezulta pozitif apre lekòl segondè pou elèv ki gen andikap yo. Tèm "Ki baze sou prèv" la montre yon nivo koneksiyon (korelasyon) ki pi fò, epi lòt yo se "ki baze sou rechèch" ak "ankourajan".

Endikatè	Rezulta Edikasyon	Rezulta Travay	Rezulta Viv Endepandan
Oryantasyon Pwofesyonèl	Ankourajan	Ankourajan	
Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik	Ki Baze Sou Rechèch	Ki Baze Sou Prèv	
Eksperyans Kominotè		Ankourajan	
Pwogram Etid	Ki Baze Sou Rechèch	Ki Baze Sou Rechèch	
Egzamen Final/Estatí Diplòm Lekòl Segondè		Ankourajan	
Fikse Objektif	Ki Baze Sou Rechèch	Ki Baze Sou Rechèch	Ki Baze Sou Rechèch
Enklizyon nan Edikasyon Jeneral	Ki Baze Sou Rechèch	Ki Baze Sou Rechèch	Ki Baze Sou Rechèch
Kolaborasyon Ant-Ajans	Ankourajan	Ankourajan	
Kou Pwofesyonèl	Ankourajan	Ankourajan	
Travay ki Peye/Eksperyans Travay	Ki Baze Sou Rechèch	Ki Baze Sou Rechèch	Ankourajan
Atant Paran yo	Ankourajan	Ki Baze Sou Rechèch	
Patisipasyon Paran		Ankourajan	
Otonomi Sikolojik	Ankourajan	Ankourajan	Ankourajan
Swen Pèsònèl/Viv Endepandan	Ankourajan	Ankourajan	Ki Baze Sou Rechèch
Oto-Detèminasyon/Oto-Defans	Ki Baze Sou Rechèch	Ki Baze Sou Rechèch	Ankourajan
Reyalizasyon Pèsònèl		Ankourajan	Ankourajan
Konpetans Sosyal	Ankourajan	Ankourajan	
Sipò pou Elèv	Ankourajan	Ki Baze Sou Rechèch	Ankourajan
Konpetans Teknolojik		Ankourajan	
Pwogram Tranzisyon	Ki Baze Sou Rechèch	Ankourajan	

Konpetans pou Vwayaj		Ankourajan	
Etid Travay		Ki Baze Sou Rechèch	
Otonomi Jèn Moun/Pran Desizyon	Ki Baze Sou Rechèch	Ki Baze Sou Rechèch	Ankourajan

[Tablo sa a baze sou "Endikatè ki Gen Rapò ak Domèn Rezulta Apre Lekòl Segondè" NTACT:C la]